

Kitab Suci Bocah nyuguhaké

Paskah Pisanan



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Janie Forest

Dibesut déning: Lyn Doerksen

Diterjemahaké déning: Endang Supardan

diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2010 Bible for Children, Inc.

Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.



Wanita iku ngadeg nang pegunungan
sing lagi akèh wongé; kanthi sedhah
banget mripaté nyawang
pemandhangan sing
nggegirisi. Anaké
wanita iku wis mèh
tilar donya. Ibu
iku iya Maria sing
ngadeg cedhak
panggonan Gusti
Yésus dipaku
nang kayu
salib.





Kepriyé déné kedadéyané
bisa kaya mengkono?
Kepriyé déné Gusti
Yésus sing gesangé
utawa uripé apik
banget, kebak
kabecikan,
akiré bisa

kaya ngono sengsarané?
Kenang-apa Gusti Allah
marengaké Putrané dipaku
nang kayu salib nganti séda
ing kono? Apa Yésus klèru bab
Sapa sajané Dhiri-pribadiné?
Apa Gusti Allah gagal?





Ora, Gusti Allah ora gagal. Uga Gusti Yésus ora kleru apa-apa. Gusti Yésus tansah mangerti yèn Panjenengané bakal dipatèni déning para wong sing jahat. Malahan nalika Gusti Yésus isih bayi, ana wong tuwa sing jenengé Siméon tau ngandhani marang Maria yèn ing tembé mburi bakal ngalami kasedhihan gedhé.



Sawatara dina
sakdurungé Gusti
Yésus disédani, ana
wong wadon marani
Gusti, banjur ngesokaké
minyak wangi larang sakguci
ing samparané Gusti Yésus.



"Wong wadon iku mborosaké dhuwit," kandhané para sakabat sing padha ora setuju. "Dhewèké nglakoni barang sing becik" ngendikané Gusti Yésus. "Dhewèké nglakoni mangkono iku kanggo nyedhiyakaké anggonku bakal dikubur". Pangandikané Gusti iku nganèh-anèhi utawa ora lumrah, ya!



Sakwisé iku, Yudas, yaiku salah siji saka muridé Gusti Yésus sing jumlahé rolas, sekongkolan karo para pemimpin Imam, arep ngiyanati Gusti Yésus, diijoli 30 iji utawa sèkel, dhuwit pérak.




Ing dina Riyaya Paskahé wong
Jahudi, Gusti Yésus dhahar
bebarengan sing pungkasan
karo murid-muridé. Gusti
ngendikaaké perkara-prekara
sing éndah bab Gusti Allah lan
janjiné Gusti marang sapa
waé sing tresna marang
Panjenengané.



Banjur Gusti Yésus
mundhut roti lan unjukan
banjur diedum-dum. Iku
kanggo ngélingaké para murid
mau yèn badané lan rahé utawa
getihé Gusti Yésus diparingaké
kanggo pangapuraning dosa.



Banjur Gusti Yésus ngendika marang para sekabaté yèn Panjenengané bakal dikiyanati, lan para murid kabèh bakal mlayu ngadoh. "Kula mboten badhé késah utawi mlajar," aturé Petrus. "Sakdurungé jago kluruk wayah ésuk, sira bakal nyélaki aku, kandha ora kenal karo Aku, kaping telu," ngendikané Gusti.





Bengi iku uga, Gusti Yésus tindak ndedonga ing Taman Gètsémané.


Para murid sing didhawuhi ngancani Gusti Yésus padha keturon. Pandongané Gusti Yésus mangkéné:
"Dhuh Rama, menawi kepareng cawan punika kasingkirna saking Kula. Nanging sampun pikajeng Kula, namung karsa Paduka kémawon ingkang kalampahan".



Ujug-ujug ana sakgerombolan wong nggawa senjata mlebu ing taman iku, dipandhu déning Yudas. Gusti Yésus ora nglawan, nanging Pétrus nyerang nganggo pedhangé nganti ana wong sing kupingé prothol. Tanpa ramé-ramé, Gusti Yésus banjur ngemèk kupingé wong kuwi lan dhewèké dadi mari. Gusti Yésus pirsá, yèn prakara penahanané Panjenengané iku pancèn klebu ing kersané Gusti Allah.



Gerombolan mau nggawa Gusti Yésus marang dalemé imam besar. Ing kono, para pemimpin agama Yahudi njaluk supaya Gusti Yesus dipatèni. Ora adoh saka kono, Pétrus ngadeg cedhak para rewang sing padha gegenèn karo nonton.



Ana kaping telu wong-wong namatké lan ngenali Pétrus lan ngucap, "Kowé ya sering bareng Yésus!" Kaping telu uga

Pétrus nyélaki, persis kaya sing dingendikaaké Gusti Yésus sakdurungé. Malah Pétrus uga ngipat-ipati lan sumpah-sumpah.




COCK-A-
DOODLE-
DOO



Persis ing wektu iku, ana jago kluruk. Suwara iku kaya-kaya suarané Gusti Yésus marang Pétrus. Pétrus banjur éling marang pangandikané Gusti Yésus, lan banjur nangis kanthi sedhih banget.





Yudas uga getun. Dhewèké ngerti
yèn Yésus babar pisan ora duwé
kesalahan, ora nglakoni dosa utawa
tumindak jahat. Yudas banjur
mbalèkaké dhuwit 30 sèkel
péрак iku, nanging para
imam ora gelem
nampa.





Yudas banjur mbuwang
dhuwit mau nang ngisor,
banjur metu - lan
nggantung dhiri.







Para imam nggawa Gusti Yésus ngadhep Pilatus, gubernur Romawi ing wilayah kono. Pilatus ngendika, "Aku ora nemu kesalahané Wong Iki." Nanging wong akèh terus bengak-bengok uniné: "Kasaliba Wong Kuwi! Kasaliba!"




Pungkasané Pilatus nyerah lan mutus supaya Yésus diukum mati disalib. Para prajurit njotosi Gusti Yésus, ngidoni pasuryané, lan uga mecuti Panjenengané. Wong-wong iku kanthi kejem padha gawe makutha saka eri sing dawa-dawa lan landhep-landhep, dianggokaké ing mustakané Gusti Yésus. Banjur wong-wong mau maku Gusti Yesus nang kayu salib, cikbèn mati.



Gusti Yésus wis pirsá yén Panjenengané arep séda mawa cara sing kaya ngono. Gusi uga pirsá yén sédané bakal nggawa pangapura kanggo wong-wong

dosa sing percaya marang Panjenengané. Ana wong jahat loro sing disalib bareng Yesus, ing kiwa lan tengene. Sing siji percaya marang Gusti Yesus - lan nderek Gusti nang Swarga. Sing sijine ora ngandel.



Sakwisé ngrasakaké sengsara
pirang-pirang jam, Yésus
ngendika, "Wis rampung,"
lan banjur séda.
Pakaryan utawa
gawéané wis
dirampungaké.

Mitra-mitrané
Gusti nyarèkaké
Panjenengané nang
pesaréan sing
anyar.



Banjur para prajurit
Romawi nyègel lan
njaga pesaréan mau.
Dadiné, babar pisan
ora ana wong sing
bisa mlebu utawa
metu ing kubur
kuwi.



Yèn crita iki rampung ing
kéné, wah mesthi kaanané
nyedhihaké banget.
Nanging Gusti Allah
nindakaké perkara
sing ajaib. Gusti
Yésus ora tetep
séda.



Isih ésuk umun-umun ing dina
kapisan minggu iku, sawenèh
murid-muridé Gusti Yésus
weruh yèn watu kanggo
nutup pasaréané
Gusti wis semingkir
saka kuburan iku.

Bareng niliki

njeroné,

Gusti
Yésus wis ora
ana nang kono.



Salah siji saka para
wanita iku tetep ing kono
karo nangis nang sandhing
kuburan. Banjur Gusti
Yesus ngetingal marang
dhewèké!



Dhewèké dadi seneng banget lan énggal-énggal bali nyritakaké marang para murid liyané.
"GUSTI YESUS GESANG. WIS WUNGU. GUSTI YESUS WIS ORA SEDA MANEH!"



Ora let suwe Gusti Yésus ngrawuhi para murid,
lan nuduhaké astané sing ana tilas pakuné.
Pancèn bener. **GUSTI YÉSUS WIS GESANG
MANÈH!** Gusti ngapura Pétrus sing nyélaki
Panjenengané, lan ngendika marang para sekabat
supaya nyritakaké marang kabèh wong bab
Panjenengané. Sakterusé, Gusti Yésus kondur
nang swarga, yaitu dalemé Gusti Yésus sing
wiwitan, sakdurungé rawuh ing Natal
sing kapisan.



Paskah Pisanan

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Matius 26-28, Lukas 22-24,
Yohanes 13-21

"Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi." Jabur 119:130



cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowe, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan Bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

